लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# यीशु की खातिर एगो ख़ौफ़नाक समय

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Byron Unger; Lazarus

अनुकूलित: M. Maillot; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

जब यीशु बपतिस्मा लिहलन, परमेश्वर उनसे बात कइलन। उ कहलें कि ई हमार प्रिय बेटा हउवन, इनसे "हम अत्यंत, पूरा रीति से प्रस्सन बानी।" परमेश्वर क पवित्र आत्मा एगो कबूतर की नाई यीशु पर उतरल।





ओकरी तुरंत बाद,
परमेश्वर क पवित्र आत्मा
एगो मरुस्थल जगह पर
यीशु के ले गइल ।
यीशु ऊँहा अकेले रहलन।

यीशु चालीस दिन तक उपवास कइलन। एकर मतलब कि उ केवनो तरह क खाना ना खइलन। अब उ बहुत भुखाईल रहलन।



बाइबल बतावे ले कि उँहा जंगली जानवर भी रहलन सअ।



शैतान यीशु क परीक्षा खातिर आईल। आदि में उ आदम अउर हव्वा के अदन की वाटिका में परमेश्वर क आज्ञा ना माने खातिर उकसवले रहे। अब यीशु क परीक्षा होखे वाला रहे।




शैतान परमेश्वर क बेटा, यीशु मसीह क भी परीक्षा लेबे क कोशिश कइलस।


शैतान कहलस यदि, "तू परमेश्वर क पुत्र हउवअ त, तू इ चट्टान के रोटी बन जाये खातिर क हअ।" ओ के मालूम रहे कि यीशु मसीह के भूख लागल बा। ओ के इहो मालूम रहे कि परमेश्वर क बेटा पत्थर के रोटी में बदल सकतने। का यीशु के शैतान क आज्ञा माने के परी?

नाहीं! यीशु शैतान क आज्ञा पालन कबो ना करीहें। एकरी बजाय, उ परमेश्वर की वचन से उत्तर दिहलन; कि लिखल बा की मनुष्य केवल रोटी ही से ना, परन्तु हर एक वचन से जेवन परमेश्वर की मुख से निकले ला, जीवित रही।



फिर शैतान यीशु के जहाँ लोग परमेश्वर क पूजा करें, ओ पवित्र मंदिर, यरूशलेम की महान शहर में ले गइल। शैतान आगे का करे वाला रहे?




शैतान कहलस, "यदि तू परमेश्वर क पुत्र हउवअ, त अपनी आप के ए चोटी से नीचे गिरा दअ। काँहे से कि उनकरी वचन की अनुसार उनकर स्वर्गदूत तोहके बचा लीहें।"

"नाहीं!" यीशु उत्तर दिहलें। "इहो भी लिखल बा ... कि तू प्रभु अपनी परमेश्वर क परीक्षा कबो मत करि हअ।"





शैतान फिर से कोशिश कइलस। उ शहर की बाहर यीशु के एगो बहुत ही उच पर्वत की चोटी पर ले गइल ।

शैतान यीशु के सांसारिक राज्य क सब महिमा के दिखवलस, फिर शैतान कहलस, "यदि तू नीचे झुकके हमके नमस्कार करअ तअ, हम तोकहके ई सब कुछ दे देइब।"



तब यीशु ओ से कहलन; हे शैतान दूर हो जा, काँहे से कि लिखल बा कि तू प्रभु अपनी परमेश्वर के ही केवल प्रणाम करीहअ, अउर केवल उनही क उपासना करीहअ।



शैतान थोड़ी देर खातिर यीशु के छोड़ दिहलस। फिर कुछ अद्भुत भइल। परमेश्वर उनकी बेटा यीशु मसीह के आराम खातिर अउर देखभाल खातिर स्वर्गदूतों के भेजलें; क्योंकि उ शैतान की बात क अमल ना कइलन।



# यीशु की खातिर एगो ख़ौफ़नाक समय

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती ४, लूका ४

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं: हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं!  यूहन्ना 3:16